

## SCHOOL DISTRICT OF LEE COUNTY

### ÒDINATÈ / APARÈY RESI AK FÒM RESPONSABILITÉ

Mwen resevwa yon òdinatè / aparèy soti nan School District of Lee County (“District”) idantifye anba (“Ekipman”) ké pitit mwen ka itilize deyò nan lakou lekòl la pou rezon edikatif. Ekipman an rete pwopriyete School District of Lee County a. Tout lot bagay ki pwopriyétéki School District of Lee County a, dwe rétoune nan bon kondisyon (pou egzansp kòd kouran, valiz, elatriye). Mwen aksepté retounen Ekipman yo nan lekòl la nan fen ane lekòl la.

Mwen konprann ke Ekipman yotankou liv, se materyèl ansèyman , se mwen menm ki responsab pou remet Ekipman an sil pèdi, si yo vòlè-l, sil kraze ou byen Si yo sezil pandan li nan menm.Mwen responsab poum pran swen Ekipman yo byen. Si yo vòlè Ekipman an Mwen dwé alé nan lapolis poum fè yon rapò, e mwen sipozé al di sa nan lekòl la ke yo vòlè-l ou byen Li pèdi, pote yon kopi rapò lapolis la nan lekòl la nan jou ke yo ouvè avan 5 jou pase.

Mwen konnen mwen ka alé sou intènet avek Ekipman an. Pandan ke School District of Lee County a fè tout efò li pou limité aksè ak kek bagay ki pa gen rapò avek sistèm nan, se responsabilite paran yo ou byen moun ki responsab la pou kontwole e siveye lè elèv yo ap itize Ekipman an. Si ou sèvi avel pou yon bagay ki pa gen rapò ou viyole *Code of Conduct* et *School Board Policy 2.20*.

School District of Lee County a gen dwa kontrole e verifye tout odinanè ki sispek ou byen ki viyole règ sekirite a, e lwa lekòl la, ou byen lot prèv ki demontre lekòl la ou byen School District of Lee County a ke òdinatè yo gen enfòmasyon , oswa lòt dokiman ki fè pati de yon lòt moun.

Nenpòt lojisyeèl ansèyman ki sou Ekipman yo gen yon lisans de School District of Lee County a. ou paka kopye ou paka chanje ou paka bay okenn lojisyeèl ki sou ekipman an, elèv yo responsab pou yo obeyi dako avek tout materyel, e lojisyeèl ki gen yon lisans, se kondidyon La lwa federal mété pou avan itilize aplikasyon an. Kelké swa vyolasyon nan nenpòt ki lisans sa yo, tèm ou byen lwa va konstitye yon vyolasyon règleman *School Board Policy 2.20* . Sèlman lojisyeèl ki te apwouve pa School District of Lee County a dwe enstalé sou Ekipman a. Elèv yo pa dwe gen entansyon changé dosyé sistèm konfigirasyon otreman entèferé avek fonksyonman nan Ekipman an.

Elèv yo responsab ale lekòl la avek Ekipman yo chagé e prè pou lekòl la.

Depans Ranplasman :

Aparèy: \$300.75

Kòd Kouran: \$45.00

Valiz: \$18.00

[http://www.leeschools.net/parent-guide-to-internet-safety\\_1](http://www.leeschools.net/parent-guide-to-internet-safety_1)